Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат боркьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет
## Гумбет районалъул газета




№ 46 (6507) 3 октябрь 2016 с. Итни МухIаррам 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## 5 октябрь – мугIалимасул къо

**5 октябралда мугIалимаз кIодо гьабула жидерго махщалилаб байрам – мугIалимасул къо. Гвангъараб ва гьайбатаб буго мугIалим абураб рагIи, гъваридаб буго гьелъул магIнаги. ЗахIматаб ва жавабияб буго мугIалимасул хIалтIи. МугIалимас гIолеб гIелалъе гIатIидго рагьула гIелмуялъул каву, бижизабула гьезулъ ВатIаналде рокьи. ГIолеб гIелалъе гъваридаб лъайги лъикIаб тарбияги кьеялъул къебелъи кодосел мугIалимазул бигьаяб гуреб, амма жиб цIакъ хIажатаб захIматалъул кидаго къимат гьабула халкъалъ.**

Божула районалъул школазул мугIалимзабаз цIалдохъабазе лъайги тарбия кьеялъул рахъалъ жидеда цере лъурал масъалаби тIубаялъе хадубккунги бажарарабщинаб гьабизе букIиналда.

РакI-ракIалъ баркула мугIалимазда, педагоглъиялъул хIалтIул ветераназда тIаде щолеб бугеб мугIалимасул къо. Гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб гIумру, хъизан-рукъалъулаб талихI, гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъул хIалтIулъ бергьенлъаби, гьабулеб ишалъулъ битIккей. Даимлъаги нужер щивасул гьасда рохел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## Сахлъиги, рохелги, халатаб гIумруги кьеги нужее

**1995 соналдаса тIадегIанаб хIурматгун ва къадру-къиматгун кIодо гьабула тIоцебесеб октябралда ригь аразул къо.**

Кинаб букIаниги роценалдалъун къимат кьезе кIоларо, хIурматиял ригь арал районцоял, нужер бахIарчиял ишазе, багьадулаб захIматалъе, кьварарал рагъул соназ ва рагъда хадусел соназ нужеца гьарурал гьайбатал ишазе, гьуназе. Гьелъухъ нужее ракI-ракIалъулаб баркала.

Къимат тIадегIанал нижер умумул, яцал, вацал, киналго районцоял, баркула нужеда ригь аразул къо. Гьарула сахлъиги, рохелги, халатаб гIумруги. ХутIайги рохараллъун ва чIухIаралллъун хъизанлъималаздаса, лъималазулги лъималаздаса.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## Метер буго Россиялъул МЧСалъул гражданскияб оборонаялъул къо

**ХIурматиял гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул ва гражданскияб оборонаялъул хIалтIухъаби! Баркула нужеда махщалилаб байрам.**

Россиялъул Федерациялда 4 октябралда кIодо гьабула гражданскияб оборонаялъул къо. Пачалихъалъул кIвар бугеб хIалтIи тIубазабула гражданскияб оборонаялъ – ВатIан цIунулел бакIал рай ва улкаялъе хIинкъи гьечIолъи букIинаби. Гражданскияб оборонаялъул подразделенияз гIахьаллъи гьабула хвасар гьариялъулал операциязда.

Гьарула гражданскияб оборонаялъул хIалтIухъабазе сахлъи, рохел, цIунун тайги киналго къварилъи-балагьаздаса, талихI къосарал ишаздаса.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## Жакъа ТIолгодунялалъул архитектураялъул къо

**Октябрь моцIалъул тIоцебесеб гьатIан къоялъ, 1996 соналдаса архитектораз кIодо гьабулеб буго ТIолгодунялалъул архитектураялъул къо.**

Гьеб байрам чIезабуна архитекторазул халкъазда гьоркьосеб союзалъ, кIиабилеб дунялалъул рагъдаса хадусел соназго. Гьелъул мурадги букIана рагъалъ чIунтизарурал шагьарал, росаби, промышленниял предприятиял цIигьари.

Нилъер улкаялъул архитекторазул хIаракаталдалъунги гIемераб хIалтIи гIумруялде бахъинабулеб буго цIиял бакIал раялъул, чIунтарал бакIал къачIаялъул рахъалъ.

РакI-ракIалъ баркула ТIолгодуняллъул архитектураялъул къо гьеб махщалида рекъон хIалтIулезда ва цереккун хIалтIаразда.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

ХIАЛТIУЛАРЕС ХIАНЧIУЛАРО

## Хасалиде хIадуриялъул суал

### Гумбет районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи

**29 сентябралда Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул залалда тIобитIана Гумбет районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи. Гьенир гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров, районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал ХIайбула ГIабдурахIманов, АхIмад Сулайманов, Малик Маликов, РурухIма Халидов, росабазул администрациязул бутIрул, школазул, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел ва цогидалги.**

Данделъи рагьана ва бачана ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас. Хасалоялде школал, лъималазул ахал, сахлъи цIуниялъул, культураялъул учреждениял, «Гумбетовское ДЭП № 10» нухазул идара, росдал магIишаталъул предприятиял, электроэнергиялдалъун хьезабулеб идара хIадурлъун бугеб хIалалъул ва церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ доклад гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановас.



ТIасан кIалъазе рахъана районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадов**, районалъул электросетазул участокалъул бетIерав инженер **Камал ГIалиев,** нухал гьариялъулгун гьел къачIаялъул идараялъул нухмалъулев **ГIалимчилав ГIалимчилаев**, «Сельсовет “Мехельтинский”» АСПялъул бетIер **МухIамад ГIабдунасиров,** районалъул больницаялъул бетIерав врачасул заместитель **МухIамадхIабиб Абакаров,** районалъул культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев **МухIамад ГIумардибиров.**

Ахиралда хIукмуги къабул гьабуна.

(Данделъиялъул материал гIатIидго хадуб кьезе буго).

**Къурмагъиз ХIадисова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Россиялъул БахIарчи МухIамад НурбахIандовасул васият
-2 гьум.



Гьелъ гурищ къункъраби роржунеб мехалъ, Къваридго зобалахъ ралагьулел нилъ…
-2 гьум.



ЧIиркъатIа - Имаматалъул тахшагьар
-3 гьум.



ПиринчI бакIарулеб буго «Данухский» СПКялда
-4 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса ГIали-хIажи



ВОРЕ ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ, ДИР ЦIОДОР

## Гьелъ гурищ къункъраби роржунеб мехалъ, Къваридго зобалахъ ралагьулел нилъ...

### Гумбет районалда тIоритIана «ХIамзатовасул цIалиял»



**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централда 22 сентябралда тIобитIана Расул ХIамзатовасул кучIдул рикIкIиналъул конкурс – «ХIамзатовасул цIалиял». Жидерго махщел бихьизабизе конкурсалда гIахьаллъана районалъул 19 школалдаса 57 цIалдохъан.**

1–11 классазул цIалдохъабаз рекIехъе цIалана Расул ХIамзатовасул кучIдул авар ва гIурус мацIазда. Цере рахъаразе къимат кьезе бищун букIана жюри, районалъул школазул мугIалимзаби, лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъаби, районалъул шагIирал гъорлъе рачун.

4 батIияб кьокьаялде рикьун рукIана цIалдохъаби: 1-4; 5-7; 8-9 ва 10 – 11 классал.

1-4 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI **Зиярат Даитбеговалъ** (МельелтIа СОШ, 3 класс), кIиабилеб бакI **Маржан ГIабдулжалиловалъ** (МельелтIа ООШ, 3 класс), лъабабилеб бакI **Зубаржат КъурамухIамадовалъ** (ЧиркъатIа СОШ, 3 класс) ккуна.

5-7 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI **Макка Ахкубеговалъ** (МельелтIа СОШ, 7 класс), кIиабилеб бакI **Зайнаб ХIамзатовалъ** (МельелтIа ООШ, 7 класс), лъабабилеб бакI **Зайнаб ГIабдусамадовалъ** (ИгьалиСОШ, 7 класс) ккуна.

8 -9 классазул цIалдохъабазда гьоркьор тIоцебесеб бакIалъе **Хадижат МухIамадова** (МельелтIа ООШ, 9 класс), кIиабилеб бакIалъе **ХIуризадай ХIасанова** (ГьарадирихъСОШ, 9 класс) ва **Мадина Ахкубегова** (МельелтIа СОШ, 9 класс), лъабабилеб бакIалъе **Зайнаб Заирбегова** (Килалъ СОШ, 9 класс) мустахIикълъана.

10-11 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI **Халжанат МухIамадовалъ** (Ингишо СОШ, 10 класс), кIиабилеб бакI **Гогьар Тажудиновалъ** (Игьали СОШ, 9 класс) лъабабилеб бакI **Аюб ГIумарасхIабовас** (Килалъ СОШ, 10 класс) ккуна.

Конкурсалда бергьаразе районалъул лъайкьеялъул отделалъ кьуна ХIурматалъул грамотаби ва къиматал сайгъатал.

«Щибаб соналъ ХIамзатовасул къоял кIодо гьарула районалъул школазда. ТIоритIула халкъияв поэтасул гIумрудул ва творчествоялъул бицунел дарсал. ГIадатлъун лъугьун буго «ХIамзатовасул цIалиял» абураб районалъул конкурс тIобитIи. Жакъасеб тадбирги буссараб буго лъималазулъ Расул ХIамзатовасул творчествоялде рокьи бижизабиялде, гьунар бугел лъимал тIаса рищиялде ва гьединазул рахъккеялде. Поэзиялъул унго-унгояб байрам гIадин ана исанаги гьеб», - ян абуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас.**

**«Гумбет» РИО**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

## Ралъдал чохьонисан чол нух бахъарав...

### «Бакъ» лъималазул ахикь кIодо гьабуна тарбия кьолезул къо



**Гумбет районалъул МельелтIа бугеб «Бакъ» лъималазул ахикь кIодо гьабуна тарбия кьолезул къо. Гьеб гIуцIана МельелтIа маданияб ва хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ГIазра РурухIмаевалъул хIаракатлъун.**

Лъималазул ахикь тарбия кьолезул къо кIодо гьабизе 27 сентябралда гьенир хIалтIулел гурелги, дандельун рукIана районалъул маданияб ва хIухьбахъиялъул централъул, МельелтIа росдал библиотекаялъул хIалтIухъаби ва тIаде къабул гьуралги. Тадбир бачана МельелтIа росдал библиотекаялъул нухмалъулей **Умижат Халидовалъ.**

Баркиялъулаб кIалъай гьабуна ГIазра РурухIмаевалъ, гьарана тарбия кьолезе хIалтIулъ бергьенлъаби, сахлъи, рохел. Хадуб школалъул гIумруялде рахинчIел лъималазе тарбия кьеялъул кIваралда, лъималазул ахалъул хIалтIухъабазда гьеб рахъалъ церечIарал масъалабазда тIадчIей гьабураб кIалъай гьабуна лъималазул ахалъул нухмалъулей **Салимат ХIамидовалъ.**

Ахиралда лъималазе тарбия кьолезе ракIалдещвеялъул сайгъаталги къуна.

Маданиялгун библиотекабазул хIалтIухъабазул хIаракаталдалъун тарбия кьолезул къоялда хурхун рохалилал дандеруссинал тIоритIана ЦIиликь, Ингишо ва цогидалги росабалъги.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Идрисил иц къачIана

**Килдеридаги инхдеридаги гьоркьоб бакIалда буго Идрисил иц. Абула гьениб даруяб лъим бугилан, гьелъ батила гIадамазулги кIудияб гьира букIуна гьеб лъим хIалтIизабизе.**

Кида щваниги гьенисан лъим цIезе рачIун ратула Килалъа, Гьоркь Инхоса, ТIад Инхоса ва Кьохъа гIадамал. Гьединаб даруяб лъим букIиналъ гьеб бачун букIана Инхоб участкаялъулаб бальницаялдеги. МоцIгIан заман букIана гьеб лъим дагьлъун, хадуб тIубанго гьоркьоб къотIун. Килалъ росдал администрациялъул бетIер **АхIмад Каримовасги** Гьоркь Инхо участковияб больницаялъул бетIерав тохтур **Мухтар СагIидовасги** гIадамал рахьинаруна гьеб лъим къачIазе. КIиго къоялъ хIалтIана гьенир, лъел бетIералде нух рагьана ва гьенисан лъим ракьулъе унеб батана. Гьениб бетоналъул щулалъиги гьабун, лъим цIидасан иццухъе чвахизабуна.

**Исрапил Заирбегов**

БАРКИ

## СайгидахIмад АхIмадов вищана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул нухмалъулесул тIоцевесев заместителлъун

**ХIурматияв СайгидахIмад СалихIович!**

**Гумбет районалъул тIолабго жамагIаталъул цIаралдасан баркула дуда Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул нухмалъулесул тIоцевесев заместитель вищи. Гьеб хIужа ккола республикаялъул депутатаз, нухмалъиялъ ва гIадатияб халкъалъ дуде гьабураб кIудияб божилъиялъул гIаламат.**

Гьарула дуе ва дур гIагарлъиялъ сахлъи, рохел, халатаб гIумру, Дагъистан ва Россия церетIезариялъулъ гьабулеб дур саламатаб хIалтIулъ бергьенлъаби.

**ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров,**
**Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуралев**

ДЕПУТАТАСУЛ РАГIИ

## Баркала божилъиялъухъ

Хирияй районцоял! Исана 18 сентябралда, Цогояб рищиязул къоялъ, Гумбет районалъул избирателаз цIидасанги кIудияб божилъи гьабуна «Цогояб Россия» партиялде ва гьелъ гIумруялде бахъинабулеб пачалихъ кколеб, цIунулеб, цебетIезабулеб политикаялде. Гьединаб пикруялъухъ, бербалагьиялъухъ кIудияб баркала загьир гьабулеб буго тIолабго бакълъулазул жамагIаталъе. Цебеялдасаги цIикIкIун хIаракат бахъила нужер мурадал тIуразаризе, Россия, Дагъистан ва Гумбет район хьараб, мустахIикъаб гIумруялда рукIинариялъе гьеж гурун хIалтIи гьабизе буго. Аллагьас цIунаги нилъ питна-кьалалдаса ва квешабщиналдаса. Дун гIадин, Аллагьги разилъаги нужедаса.

**СайгидахIмад АхIмадов,**
**Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул нухмалъулесул тIоцевесев заместитель**

НИЛЪ - БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

## Россиялъул БахIарчи МухIамад НурбахIандовасул васият

### Гумбет районалда тIобитIана «ХIалтIе, вацал!» абураб тадбир

**Гумбет районалда 28 сентябралда тIобитIана террористазул квердасан бахIарчилъиялда гIумруялдаса ватIалъарав полициялъул хIалтIухъан МухIамад НурбахIандов ракIалдещвеялъул тадбир. Бицана гIадлунизам цIуниялъул органазда хIалтIулев НурбахIандовасул бахIарчилъиялъул, рикьана машгьуралльун лъугьарал гьесул ахирисел «ХIалтIе, вацал!» абурал рагIаби тIад хъварал стикерал.**

циялъулазде хIалтIеян абуна ва машгьуралльун лъугьана «ХIалтIе, вацал!» абурал гьесул ахирисел рагIаби.

Тадбиралъул гIахьалчагIаз ва тIолалго районцояз бетIер кьулула нилъер ракълилаб захIмат ва парахалъи цIунулел къуваталъул идарабазул хIалтIухъабазе».

«Дагъистан Республикаялъул печаталъул ва информациялъул Министерствоялъ гIуцIараб «ХIалтIе, вацал!» абураб тадбиралъул кIиабилеб бутIа-



Тадбиралда гIахьаллъаразда цеве кIалъазе вахъарав районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас** абуна: «Жакъасеб тадбир тIобитIулеб буго бандитаз чIварав Россиялъул БахIарчи МухIамад НурбахIандовасул хIурматалда. Жинда цеве террористаз чIварав вацгIал вукIаниги, гьез органазда хIалтIи рехун теян полициялъулазде хитIаб гьабеян тIалаб гьабулеб букIаниги, МухIамадица полилъун, гьединго «Дагъистаниял терроризмалда данде – ВатIан хирияб буго» абураб ахIиялда гьоркь экстремизмалда ва терроризмалда данде хIадурлъилъун ва гьеб тIобитIилъун ккола жакъасеб тадбир. Киналго школазда къуна бихьинчилъиялъул дарсалги», - ян абуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулаймановас.**

**«Гумбет» РИО**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ, БАЧIУНЕСЕЛЪ ГIАРАДА РЕЧIЧIУЛА

# ЧIиркъатIа - Имаматалъул тахшагьар



**ЧIиркъатIа росуялъул тарих тIей гьечIого хурхараб буго гIурус пачаязул зулмуялде данде магIарулазул бахIарчияб къеркьеялда. Гьелъие гIилла букIана ЧIиркъатIа росу Дагъистаналъул магIарухълъиги лъарагIлъиги цолъизабулеб нухда букIин гуребги, имамзабазул росу Генуб, Шамилил эбелалъул росу ГIашилтIа, Шамилил бахIарчияб щулалъи АхIулгохI чIиркъдерил мадугьалзаби рукIин. Жеги гIолохъанлъуде рахиналдего, рукIинесел имамзаби Генуса Шамилги ГъазимухIамадги ЧIиркъатIа мадрасаялда цIалулел рукIана. Шамилица гIуцIараб Имамат пачалихъалъул тарихалда жаниб гьеб пачалихъалъул тахшагьарлъун лъазарун рукIана микьго батIияб росаби. Тахшагьараллъун рукIана гьал росаби: Генуб - 1832 соналъул октябрь моцIалде щвезегIан, ГьоцIалъ - 1832-1834 соназ, ГIашилтIа 1836-1837 соназ, ЧIиркъатIа 1837-1839 соназ, АхIулгохIда 1839 соналъул роол лъабабго моцIалъ, Даргъо 1839-1845 соназ, Даргъо-Ведено 1845-1859 соназ, ва имаматалъул ахирисеб тахшагьар Гъуниб 1859 соналъул роол лъабабго моцIалъ.**

Гъазаваталъул соназ ЧIиркъатIа росуялъул ва росдал жамагIаталъул кIудияб кIвар букIана гъазимзабазул бахIарчияб къеркьеялъулъ. ЧIиркъатIа бахъулеб чIабатI хIалтIизабулаан муридзабазе тункIазе хер гьабизе. Хунзахъ машкIидалъув Дагъистаналъул кIиабилев имам ГьоцIалъа ХIамзат чIван хадуб кIвар бугеб лъугьа-бахьин ккана ЧIиркъатIа. Гьанив Дагъистаналъул лъабабилев имамлъун вищана Генуса Шамил. Гьебги ккана гьадин.

1834 соналъул 15 маялъ Хунзахъ машкIидалъув чIвана Дагъистаналъул кIиабилев имам ХIамзатбек. Гьелдаса хадуб имам вищиялъул гIемерал бахIсал рукIуна. БукIараб хIакъикъат мухIканго лъаялъе квалквал гьабула батIи-батIияб автораз имам вищараб къоги, бакIги, имамлъи тIадкъазе рихьизарурал муридзабиги батIа батIайиса хъвалел руго. Гьелъие гIилла батилин тола дица доб заман гьанжегIадин радио, казият букIараб заман гурелъул, имам вищи тIобитIана, ай такрар гьабуна батIи-батIиял росабалъ, батIи-батIиял къояз. Гиничукъа ХIайдарбегица, ГIахьалчIиса МуртазагIалица, Къарахъа (ЦIулдаса) МухIамадтIагьирица, Гъигъалъа ИманмухIамадица ва цогидазги, киналго автораз рищи тIобитIулеб мажлисалъул хIакъалъулъ къокъго рехсон толеб буго. ИманмухIамадица буго гьезда гьоркьоб дагьабго гIатIид хъван рищи гьабизе данделъараб мажлисалъул.

1834 соналъул 19 сентябралъ ЧIиркъатIа данделъана тIолго Дагъистаналъул гIемерал гIалимзаби. Гьелдаса дагьал къояз цебе ГIашилтIаги букIана мажлис имам вищизе хIадурлъи гьабиялде буссараб. ИманмухIамадил баяназда рекъон, ЧIиркъатIа тIобитIараб мажлисалда рукIана бакълулазул, гIандадерил, хунздерил, гIандалазул, гьидерил, къаралазул, тIехIнуцазул, дидоязул, анцухъдерил, гIахьвалазул, хьиндалазул, къаралазул, салатавиялъул, ункъракьалъул, чIамалазул, багвалазул, тIиндадерил, лъебелазул, кьенсерухъезул гIалимзаби ва жамагIатазул вакилзаби. Жакъа Гумбет районалъул росабильун кколел жамагIатаздаса гьеб мажлисалда гIахьаллъана Данухъа ИмангIали, Гьарадерихъа НургIали, Аргъваниса Абакар, Игьалиса СагIид ва цогидалги. Имамлъун вищизе мустахIикъаллъун рихьизарун рукIана КIванадаса ГIабдуладибир, ГIашилтIаса ГIабдула, Данухъа ИмангIали, Игьалиса СагIид. Киналго разилъун имамлъун вищана Шамил. Гьес чанго нухалда инкар гьабун, имамлъун Игьалиса СагIид теян абула. СагIид разилъичIеб мехалда Шамилица Колоса Сурхайида гьарула, эсги инкар гьабула. Ахир Хварщиса Загъалас (гьев вукIана чIамалазулги багвалазулги жамагIатазул цевехъан, гьесде цIарги букIана КъурбангIали, халкъалда гьоркьоб тIибитIараб цIар эсде букIана Загъалав) Шамилиде абула, дуца инкар гьабиялъул жаваб БетIергьан Аллагьасда цебе кьелебин. ТIокIав кIалъачIого Шамилица разилъи загьир гьабула. Цинги Загъалас хIасилаб кIалъай ва Шамилие насихIат гьабула. ГIемер заман гьоркьоб иналде, Дагъистаналъул цIар рагIарал гIалимзабиги, жамагIатазул бутIрулгун вакилзаби данделъараб мажлис гьабула Харахьиб ва Шамилие ритIухълъиялъул гьа бала. Гьеб мажлисалда пикру кIийиде бикъула ва Шамил Дагъистаналъул имам вугин абулезда данде кколареб пикруги бижула. Цоцо гIалимзабаз абула нилъер имам вугин ИстIанпулалда вугев ГIусманиязул империялъул султIан, хункар ГIабдулгIазиз ва Шамил имамлъун лъазави шаргIалде данде кколарин. Хадусеб Дагъистаналъул тарихалъ бихьизабуна магIарулазул цевехъанлъун Шамил вихьизави битIараб букIараблъи. ТIоцебесев ва кIиабилев имамасул цебехъанлъи лъабго-ункъго соналъ халатбахъараб батани, Шамилил цебехъанлъи халатбахъана 25 соналъ (мухIкан абуни, 25 сон базе хутIун букIана 20 гIан къо!). Гьесул рагъуе бугеб гьунаралъе ва гIакълуялъе дунялалда гIемерал рагъулал экспертаз къимат кьуна. Наполеонасул хIакъалъулъ хъваралдаса гIемер тIахьал хъван руго Шамилил рагъул тактикаялъул ва стратегиялъул бицун. Гьесул рагъулаб махщалие нугIлъи гьабула 33000 куцарав сахаб яргъид гIуцIарав гIурус солдатасда данде 2000 гIечIев чи жаниве вуссараб АхIулгохIда «БецIаб накIкIулъан балеб чваххунцIад гIадаб, лъабго моцIрол гьумералъ гуллил цIадакь рукIана»ян абурал кочIол мухъаз бицунеб дандечIчIеялъ. Умумузул бахIарчилъиялъе нугIлъун буго Игьалиса Чупаласул кочIол мухъал:

***Ахирияб хIухьелалъ***
***Аллагьилан ахIулеб,***
***Гъазизабазул зикру***
***Зобалазде рагIула.***
***РухIгун цадахъ гурони***
***ГIодобе реххулареб,***
***Хвалчабазул паркъиялъ***
***Бакъул нур свинабула!***

**Ибрагьим Ибрагьимов,**
**ЧIиркъатIа бугеб Тахо-Годил цIар къураб республикаялъул музеялъул филиалалъул директор**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# МелъелтIаса ГIиса Бегаев бокс хIаялъе бергьана



**Гумбет районалъул МелъелтIаса ГIиса Бегаев бокс хIаялъул рахъалъ Халкъазда гьоркьосеб ункъабилеб турниралда чемпионлъун вахъана.**

Совет Союзалъул БахIарчи, летчик **Амет-Хан Султан** ракIалде щвеялъул мурадалда Крым Республикаялъул Ялта шагьаралда тIобитIана халкъазда гьоркьосеб турнир. 75 кг. цIайиялда бокс хIаялъе чемпионлъун вахъана ГIиса. Турниралда гIахьаллъана Россиялъул, Украиналъул, Дагъистаналъул, Узбекистаналъул ва Германиялъул 150 спортсмен.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъ, «Сельсовет "Мехельтинкий"» росдал поселениялъул администрациялъ, гIага-божараз, гьудулзабаз баркулеб буго ГIиса Бегаевасда бергьенлъи ва гьарулеб буго хадубккунги спорталда церетIеял.

**«Гумбет» РИО**

# Щабдухъ росулъа МухIамад Мурадов – СБИ ММАялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпион




**Гумбет районалъул Щабдухъ росулъа МухIамад Мурадовас тIоцебесеб бакI ккуна Табасаран районалъул Хучни росулъ тIобитIараб СБИ ММАялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионаталда.**

МелъелтIа гьоркьохъеб школалда щуго класс лъугIун хадув МухIамад Мурадов цIализе лъугьана генерал – полковник Г. Н. Трошевасул цIаралда бугеб Дагъистаналъул кадетазулаб тIоцебесеб корпусалде. Гьенив цIалулел соназ МухIамад вахъана МахIачхъалаялда тIоритIарал къецазда квержубараб рагъуе кIицIулго чемпионлъун, гьенивго «Лайт» универсалияб рагъуе чемпионлъун, самбоялъул рахъалъ къецазда чемпионлъун. Мурадовас лъикIаб цIалудалъунги рохизарулел руго эбел-эмен. Хадурккунги цIалулъ ва спорталъулъ бергьенлъаби, дуе МухIамад.

**«Гумбет» РИО**

# Игьалиса МухIамад МуртазагIалиев – ТIолгороссиялъул турниралъул призер



**Нижегородск областалъул Бор шагьаралда 19 – 21 сентябралда тIобитIана 15 – 16 сон барал гIолилазда гьоркьоб греказулгун римазул гугариялъул рахъалъ ТIолгороссиялъул турнир.**

Гьеб турниралда гIахьаллъана МахIачхъалаялъулл лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул воспитанник, Гумбет районалъул Игьалиса **МухIамад МуртазагIалиев.** Гьев ккола Дагъистаналъул пачалихъияб университеталда цебе бугеб юридическияб колледжалъул тIоцебесеб курсалъул студент, спорталъул мастерлъиялде кандидат. 50 килограммалде щвезегIан цIайиялда цеве вахъана МухIамад. Гьеб цIайиялда къуватав 40 спортсменас гIахьаллъи гьабуна турниралда. МуртазагIалиев мустахIикълъана мазгарул медалалъе.

Турниралъул хIасилазда рекъон МухIамад вачана греказулгун римазул гугариялъул рахъалъ Россиялъул тIаса бищараб командялда гьорлъе. Спортсмен гьеб гугариялъе рагъун гьавуна МахIачхъалаялъул лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул тренер, Ингишоса **Артур КъурамухIамадовас.**

**«Гумбет» РИО**

ОБЪЯВЛЕНИЯ

# Как получить субсидии

## Уважаемые жители Гумбетовского района!

**Сообщаем Вам, что по итогам заседания межведомственной комиссии по проведению сплошной инвентаризации получателей субсидий на оплату жилого помещения и коммунальных услуг, была рассмотрена образовавшаяся задолженность по предоставлению гражданам субсидий на оплату ЖКУ в период работы муниципальных отделов субсидий.**

По результатам совещания, был принят Протокол №5/2016 от 07.09.2016г. В соответствии с пунктом 5 части III данного Протокола Межведомственная республиканская комиссия по делам, не соответствующим Постановлению Правительства РФ от 14.12.2005 № 761 «О предоставлении субсидий на оплату жилого помещения и коммунальных услуг» признала начисление субсидий на оплату ЖКУ неправомерным.

Списки личных дел получателей субсидий, чьи дела признаны соответствующими, либо несоответствующими Постановлению Правительства РФ от 14.12.2005 №761, размещены в администрациях сельских поселений. По инициативе МФЦ, получателям субсидий, в чьих делах отсутствует только правоустанавливающий документ, предоставлена возможность подтвердить наличие правоустанавливающего документа в период субсидирования. В случае подтверждения права собственности на жилое помещение назначенная субсидия на ЖКУ будет выплачена.

Дополнительно сообщаем, что выплаты субсидии на ЖКУ будут производиться только на банковские счета, в случае отсутствия банковских реквизитов в соответствующих делах необходимо предоставить их для выплаты субсидий.

**Филиал МФЦ по Гумбетовскому району**

ЦIУН БАЧIАГИ!

# ПиринчI бакIарулеб буго «Данухский» СПКялда

## Гектаралдаса - 40 центнер

**Данухъ росдал Ахтачихъан хъутаналда гьаб соналъ хасаб кIвар буссинабун букIана росдал магIишаталъул нигIматал гIезаризе рес бугел ракьал рекьиялде. СПКялъул нухмалъулев Якъубдибир Аминтазаевас бицана рехсараб хъутаналда пиринчI 70 гектаралда бекьун букIанилан. Гьеб бекьилелде ракь, лъалъадиялъул рахьал къачIаялъе лъикIалан хIалтIаби гьарунилан.**

Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас** абуна: «Районалъул СПКязул нухмалъулезда цебе масъала лъун букIана рекьулел ракьазда ргIа-ракьанде щвараб пайда босеян, рехун тарал ракьал хIалтIизареян, гьенир росдал магIишаталъул нигIматал гIезареян. «Данухский» СПКялъул нухмалъулев Аминтазаевас жинда цебе лъураб масъала гIумруялде бахъинабуна. Валагьана инвестор, къокъаб заманалда тIоритIана агротехническиял хIалтIаби. БачIин бакIаризе байбихьана 20 сентябралда. Гьоркьохъеб хIисабалда цо-цо гектаралдаса 40 центнер щолеб буго. Лъалъадизе лъим гIураб къадаралда щварабани, пиринчI гьелдаса цIикIкIунги щвезе рес букIана».

**«Гумбет» РИО**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

# Информация об уплате имущественных налогов

**Федеральная налоговая служба информирует, что в текущем году срок уплаты гражданами всех имущественных налогов: земельного, транспортного, налога на имущество физических лиц перенесен на конец года - 1 декабря.**

Уплата налогов осуществляется налогоплательщиками на основании направленного налоговым органом налогового уведомления и платежных документов к нему или в электронном виде через онлайн сервис «Личный кабинет налогоплательщика физического лица».

Так как в соответствии со статьей 52 Налогового кодекса Российской Федерации налоговое уведомление должно быть направлено в срок не позднее 30 рабочих дней до наступления срока уплаты налога, налоговые уведомления за 2015 год будут разосланы до 18 октября 2016 года. В указанном налоговом периоде для всех категорий граждан, освобожденных полностью или частично от уплаты имущественных налогов, льготы сохранены.

Правила исчисления земельного и транспортного налогов за 2015 год не менялись.

Налог на имущество физических лиц в этом году будет рассчитан исходя из двух вариантов налоговой базы: инвентаризационной или кадастровой стоимости объектов недвижимости. Решение о том, какая будет налоговая база, принимают администрации субъектов Российской Федерации до 2020 года. С 2015 года в 28 субъектах Российской Федерации в качестве налоговой базы установлена кадастровая стоимость.

В остальных регионах сохранился старый порядок исчисления налога на имущество физических лиц.

При этом, вне зависимости от того, какая на территории субъекта Российской Федерации применяется налоговая база, весь перечень категорий граждан, которые ранее освобождались от уплаты налога, сохранен (15 категорий: инвалиды I и II групп инвалидности и участники ВОВ и приравненные к ним, пенсионеры и т.д.).

Для всех остальных лиц, уплачивающих налог от кадастровой стоимости, предусмотрены вычеты (уменьшение налоговой базы) в отношении жилых объектов: 10, 20, 50 кв. метров, соответственно на комнату, квартиру, жилой дом.

Вычет предоставляется на каждый жилой объект: то есть если, например, в собственности две квартиры, налоговый вычет будет предоставлен при исчислении налога на каждую квартиру, при том - автоматически, без какого-либо заявления в налоговую инспекцию.

Таким образом, владельцы комнат до 10 кв. м., жилых домов до 50 кв. м. включительно налог уплачивать не будут.

Налоговые органы рассчитывают налог на основе данных Росреестра о кадастровой стоимости и органов местного самоуправления о ставках и льготах.

До получения налоговых уведомлений граждане самостоятельно могут рассчитать сумму налога, воспользовавшись специальными калькуляторами на сайтах субъектов Российской Федерации, а также на сайте Федеральной налоговой службы.

Ознакомиться с размером кадастровой стоимости своего имущества граждане могут на сайте Росреестра.

В случае, если оспаривание кадастровой стоимости произошло после уплаты налога, налоговый орган пересчитает величину налога и зачтет разницу в следующем году или вернет излишек налога лателыщику по его заявлению.

Налоговым кодексом предусмотрен равномерный переход на налогообложение от кадастровой стоимости до 2020 года: в первый год налог будет исчислен с понижающим коэффициентом - 0,2, во второй - 0,4, в третий - 0,6, в четвертый - 0,8.

Полная сумма налога, рассчитанного от кадастровой стоимости объектов недвижимого имущества, будет оплачиваться гражданами только по истечении пять лет с момента принятия соответствующего решения органами власти субъекта Российской Федерации.

Для основной категории граждан более, чем в шесть раз снижены размеры предельных налоговых ставок. Если ранее максимальная ставка налога составляла 2%, то, в случае перехода на налог от кадастровой стоимости ставки не превышают 0,3% (жилые дома, комнаты, квартиры, гаражи, хозяйственные строения).

Вы можете самостоятельно узнать размер своей задолженности по всем уплачиваемым налогам, не связанным с предпринимательской деятельностью и распечатать платежные документы для оплаты в банках. Для этого необходимо знать свой идентификационный номер налогоплательщика (ИНН) и посетить сервис «Узнай свою задолженность» на сайте Управления ФНС России по РД (http://www.r05.nalog.ru/).

**Ш. Гаджиев, заместитель начальника Межрайоннной инспекции ФНС России № 12 по РД, советник государственной гражданской службы РФ 2 класса**

# О проведении надзорно - профилактической операции «Здравоохранение и социальная защита» в Гумбетовском районе

**В соответствии с планом основных мероприятий ОНД и ПР № 13 Главного управления МЧС России по Республике Дагестан, а также в целях обеспечения безопасной эксплуатации медицинских учреждений с 15 сентября по 31 октября 2016 будет проводиться надзорно-профилактическая операция под условным названием «Здравоохранение и социальная защита».**

В период данной операции предусмотрено проведение надзорно-профилактических мероприятий, направленных на повышение пожарной безопасности объектов здравоохранения и социальной защиты, в том числе проведение плановых (внеплановых) проверок за противопожарным состоянием вышеуказанных учреждений с привлечением заинтересованных организаций.

В ходе проводимых проверок особое внимание будет обращено на работоспособность систем противопожарной защиты, состояние путей эвакуации, наличие первичных пожаротушения, а также знание персоналом своих обязанностей и действий при пожаре и. т. д.

О состоянии пожарной безопасности объектов здравоохранения и социальной защиты будут проинформированы органы власти, прокуратура и другие заинтересованные органы.

**С. Магомедов, начальник ОНД и ПР №13 ГУ МЧС РФ по РД, капитан внутренней службы**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ



ТIаса Гъарадирихъ росу

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.